



Pou Piblikasyon Imedya: 08/04/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**NAN MITAN PANDEMI COVID-19 LA, GOUVÈNÈ CUOMO LANSE YON KANPAY EDIKASYON AK SANSIBILIZASYON MILTI-PLATFÒM, MILTI-LENG POU ATENN TOUT NOUYÒKÈ YO NAN TOUT ETA A NAN TOUT KÒD POSTAL AK KOMINOTE YO**

*Vilgarizasyon nan yon pi gran piblik pral mete anfaz sou mesaj kle Eta a pou Nouyòkè yo rete lakay yo*

*Gouvènè a lanse kanpay Instagram, #IStayHomeFor, avèk Jennifer Lopez ak Alex Rodriguez pou atenn yon piblik ki pi gran posibil*

*Li baze sou efò kontini Eta a pou atenn tout kominote yo nan New York avèk mesaj rete lakay ki ka sove lavi a*

Nan mitan pandemi COVID-19 la, Gouvènè Andrew M. Cuomo te lanse jodi a yon kanpay edikasyon ak sansibilizasyon milti-platfòm, milti-leng pou atenn tout nouyòkè yo nan tout eta a nan tout kòd postal yo gen ladan kominote ki difisil pou atenn yo. Kanpay la pral mete anfaz sou mesaj kle Eta a pou rete lakay epi li pral etann vilgarizasyon ak sansibilizasyon sou manda enpòtan sa a nan piblik ki nouvo ak ki pi gran yo. Gouvènè a [te lanse](#) kanpay Instagram, #IStayHomeFor, avèk [Jennifer Lopez](#) ak [Alex Rodriguez](#) pou ede atenn yon piblik ki pi gran posibil avèk mesaj rete lakay Eta a ki ka sove lavi.

"Viris sa a vrèman danjere, epi nou tout genyen yon obligasyon pou fè sa nou kapab pou pwoteje youn lòt ak pou pwoteje sila ki pi frajil yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou pral efikas sèlman si nou aplike ak kenbe distans sosyal. Se pou sa nou ap itilize tout zouti ki nan dispozisyon nou pou atenn chak moun, tout kote nan tout fason -- patikilyèman kominote yo nou pa atenn jeneralman yo -- pou ranfòse mesaj pou rete lakay la ak frennen pwopagasyon an, si se pa pou nou menm, pou moun ki frajil nou renmen nan antouraj nou."

Sa baze sou efò kontini Eta a pou atenn tout kominote yo nan tout Eta avèk mesaj pou rete lakay la, gen ladan:

- **Kanpay "Go Paper (Viv Papye)":** Pa rekonesans pou reyalite ke se pa tout Nouyòkè yo ki sou medya sosyal, Eta a te kreye kanpay "Go Paper" a, ki fè patenarya avèk sèvis livrezon yo gen ladan FreshDirect pou enprime depliyon yo - ki ankouraje moun pou respekte pwotokòl distans sosyal yo, lave men yo ak rete lakay -- epi atache yo nan livrezon lokal yo. Kòmanse semèn sa a, FreshDirect pral ajoute depliyon yo nan

100,000 livrezon pa semèn. Eta a ap sansibilize biznis lokal yo epi li ap mande yo ajoute depliyon an nan tout livrezon yo. Depliyon an disponib nan anglè ak espanyòl [isit la](#).

- **Bilten Enfòmasyon Aswè (Nightly Newsletter):** Yo te lanse li 17 mas la, bilten enfòmasyon aswè pa imèl sa a bay 190,000 abòne done fyab ak mizajou sou repons Eta New York kont kowonaviris. Moun kapab abòne pou resevwa bilten enfòmasyon an [isit la](#).
- **Mobilize DJ Radyo yo:** Eta New York ap travay avèk DJ yo nan estasyon radyo ki pi popilè nan Eta a nan kominote kle yo pou sansibilize sou reyalyte konsènan pwopagasyon kowonaviris ak pataje mesaj distans sosyal enpòtan pou piblik oditè yo a.
- **LinkedIn:** Pou kolabore avèk lidè opinyon ki oryante sou biznis yo, ekip Gouvènè a ap itilize LinkedIn pou soulinye mesaj pou jwenn ekipman pou pwoteksyon pèsònèl yo, enpak sektè prive a pandan pandemi an ak enpòtans sante mantal.
- **Pòtay PSA Sant NY sou Konsèy Piblisite (NY Hub on the Ad Council's PSA Portal):** NYS te fè patenarya avèk Konsèy Piblisite (Ad Council) a pou kreye yon sant espesifik NYS ki ap soulinye mesaj Rete Lakay, Sove Lavi (Stay Home, Save Lives) nou yo an anglè ak espanyòl. Resous yo gen ladan: reklam ak piblisite televizyon ki dire 30 ak 60 minit, reklam radyo, mesaj medya sosyal, afich anliy epi afich ak pano afichaj OOH. Yo kapab telechaje resous yo [isit la](#).
- **Mesaj sou Preparasyon Depatman Sante Eta New York:** Pou asire ke kominote ki divès ak milti-leng New York yo ap resevwa enfòmasyon enpòtan pou prevni pwopagasyon COVID-19 lan, Depatman an te pwodwi yon seri anons sèvis piblik ke Komisè Sante a, Dr. Howard Zucker, ap prezante. Piblisite sa yo aktyèlman ap pase an anglè nan sèvis emisyon, kab ak difizyon videyo yo avèk soutit an espanyòl, chinwa ak koreyen. Anons sèvis piblik yo ap pase tou sou difizyon ak emisyon radyo, epi yo te devlope piblisite enprime yo nan langaj miltip pou plasman nan journal etnik yo. Depatman Sante (Department of Health, DOH) a te angaje nan yon kanpay piblisite dijital ki vize atenn tout kominote yo.
- **Afich ak Pano Afichaj Otowout yo:** Yo raple moun ki ap kondi sou wout yo mesaj enpòtan "Rete Lakay, Sove Lavi" Gouvènè a ak sinyalizasyon dijital sou wout prensipal yo.
- **Kanpay Grafik - Sove yon Vi-Mete yon Vi an Danje (Save a Life-Put a Life in Danger)** Done yo montre ke distans sosyal la bay rezilta. Pou ranfòse pratik distans sosyal yo, kanpay grafik sa a prezante yon konparezon kòtakòt sou espas ki gen anpil moun ak espas ki vid yo.
- **Nextdoor:** Gouvènè a te lanse yon pwogram mesaj sou aplikasyon Nextdoor pou kenbe Nouyòkè yo enfòme sou nouvel enpòtan sou kowonaviris gen ladan pwolongasyon New York on PAUSE (New York sou POZ) ak pratik distans sosyal yo.
- **Snapchat:** Eta New York ap travay avèk Snap Inc. sou filtraj ke Nouyòkè yo kapab itilize sou Snapchat pou pwopaje mesaj enpòtan rete lakay la sou platfòm li an, ki atenn 75 pousan nan tout moun ki gen 13-34 ane nan tout Etazini. Yo pral lanse filtraj yo semèn sa a epi yo pral sible espesifikman New York. Gouvènè Cuomo te lanse tou resaman pwòp

kont Snapchat li a — nygov — kòm yon fason estratejik pou atenn jèn moun yo nan tout Eta epi ba yo mizajou ki enpòtan.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)